



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU VAKSEN JOHNSON & JOHNSON

"Vaksen yo se zam ki pral pote vikwa nan gè kont COVID la, epi avèk plis pase 11 milyon piki moun yo pran nan bra deja - mete avèk 1.4 milyon dòz nou te administre nan sèlman sèt jou pase yo - gwo rezo distribisyon New York la ap vanse ak tout vapè. Jan sa te ye depi nan kòmansman efò vaksinasyon nou an, faktè X la se apwovizyonman, apwovizyonman, apwovizyonman, epi tankou tout lòt eta yo, alokasyon dòz Johnson & Johnson nou an pral bese anpil semèn k ap vini an.

Nan 18yèm semèn lan, New York pral resevwa sèlman 34,900 piki Johnson & Johnson - yon bès 88% pa rapò ak semèn anvan an epi se premye bès depi plizyè semèn - pandan pa ta dwe gen okenn randevou ki anile, nou p ap kapab bay Nouyòkè yo otan piki ke nou ta swete. Nou espere pwoblèm pwodiksyon an ap rezoud osito posib pou pwodiksyon an ka ogmante byen rapid epi pou nou kapab ogmante kantite Nouyòkè ki vaksinen. Annatandan, nou remèsye Administrasyon Biden lan pou pil gwo efò yo pou vaksinen tout Ameriken yo epi nou pa ka tann pou kontinye patenarya nou pou elimine COVID la yon fwa pou tout. Pandan nou kontinye deplwaye vaksen yo, tout moun dwe sonje mete mask, kenbe distans sosyal, lave men yo ak rete New York Solid".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)